

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina Bab V dipedar hasil tina panalungtikan jeung pedaran ngeunaan proses campur kode anu lumangsung dina vidéo tina ségmén “Rebo Nyunda” *channel youtube* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID.

5.1 Kacindekan

Indonesia miboga leuwih ti 700 basa, ieu hal téh nu nyababkeun masarakat Indonesia rata-rata bisa ngagunakeun dua (*bilingual*) atawa leuwih (*multilingual*) basa. Ku lobana basa nu aya di Indonesia, rata-rata masarakat Indonesia ngagunakeun dua basa atawa leuwih dina kahirupan sapopoéna, hal ieu jadi salah sahiji sabab ayana fenomena campur kode di masarakat.

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jung ngadéskripsikeun campur kode anu aya dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID. Campur kode mangrupa makéna dua basa atawa leuwih anu mana panyatur silih nyeselan unsur-unsur atawa variasi hiji basa ka basa nu séjén. Disawang tina wandana, campur kode anu kapanggih dina ieu panalungtikan nyaéta campur kode ka jero (*inner code-mixing*), campur kode ka luar (*outer code-mixing*), jeung campur kode campuran (*hybird code-mixing*).

Campur kode ka jero nyaéta wanda campur kode anu sumberna tina basa asli ku sagala variasina. Dumasar kana ieu hal, kapanggih 861 data kalimah anu ngandung campur kode nu nyeselan basa Indonesia kana basa Sunda basa Indonesia jeung basa asing anu ngawujud kecap, frasa, jeung klausa (1.289 unsur). Ari campur kode ka luar nyaéta campur kode anu asalna ti basa asing. Tina hasil data panalungtikan, kapanggih aya 320 data kalimah anu ngandung unsur campur kode ka luar anu nyeselan basa asing saperti basa Inggris, basa Jepang, jeung basa Jerman ka basa Sunda anu ngawujud kecap, frasa, jeung klausa (435 unsur). Campur kode campuran nyaéta wanda campur kode anu di jerona geus nyerep unsur-unsur basa asli jeung basa asing anu diseselan. Tina hasil data panalungtikan kapanggih aya 197 kalimah anu ngandung unsur campur kode campuran anu nyeselan basa asing jeung basa Indonesia ka basa Sunda basa Indonesia jeung basa asing anu ngawujud kecap, frasa, jeung klausa (579 unsur).

Ku kituna, campur kode ka jero mangrupa campur kode anu panglobana, campur kode campuran nu pangsaeutikna, dituluykeun ku campur kode ka luar.

Sedengkeun disawang tina wujudna, kapanggih aya genep wujud campur kode dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID nyaéta campur kode ngawujud kecap (780 unsur), campur kode ngawujud frasa (302 unsur), campur kode ngawujud baster (186 unsur), campur kode ngawujud idiom (4 unsur), campur kode ngawujud klausa (74 unsur), jeung campur kode ngawujud kecap rajékan (76 unsur). Ku kituna, dina ieu panalungtikan campur kode ngawujud kecap jadi unsur anu panglobana, sedengkeun wujud anu pangsaeutikna nyaeta campur kode ngawujud idiom.

Ku kituna, bisa dicindekkeun yén campur kode dina ségmén “Rebo Nyunda” *youtube channel* Airani Iofifteen Channel Hololive-ID dipedar ngeunaan wanda jeung wujudna. Tina hasil panalungtikan, kapanggih yén campur kode ka jero leuwih loba ti batan campur kode ka luar jeung campuran. Kitu deui, dina ieu panalungtikan kapanggih yén campur kode ngawujud kecap leuwih loba ti batan wujud nu séjénna saperti campur kode ngawujud frasa, baster, klausa, jeung kecap rajékan.

5.2 Implikasi

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat dina widang sosiolinguistik jeung pangajaran. Dina widang sosiolinguistik ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun neuleuban data anu pasti sangkan mikanyaho kaayaan campur kode nu lumangsung di masarakat Sunda hususna dina sosial média. Salian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun élmu pikeun neuleuban patali makéna basa di masarakat. Sedengkeun dina widang pangajaran, ieu panalungtikan bisa dijadikeun dasar pikeun kagiatan ngajar-diajar, boh sacara lisan, boh tulisan. Salian ti éta, hasil tina panalungtikan unsur data campur kode anu kapanggih dipiharep bisa diteangan deui kekecapan anu merenah sarta dina basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur, aya sababaraha rékoméndasi anu perlu ditepikeun pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta:

1) Pikeun mahasiswa

Pikeun mahasiswa, dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan campur kode dina média sosial anu réa dipaké di jaman ayeuna.

2) Pikeun guru

Pikeun guru, dipiharep bisa ngagunakeun jeung ngajarkeun basa Sunda anu marenah di sakola. Salian ti éta, ieu hasil analisis panalungtikan bisa jadi bahan ajar anu luyu jeung SKKD (Standar Kopeténsi jeung Kopeténsi Dasar)

3) Pikeun masarakat

Pikeun masarakat anu nongton *youtube* atawa *virtual youtuber (vtuber)* hususna urang Sunda, dipiharep ngawilah-wilah deui ngeunaan kaédah kabasaan anu merenah jeung biasa dipaké dina kahirupan sapopoé

4) Pikeun *youtuber*

Pikeun *youtuber* anu ngagunakeun basa Sunda, sanajan sosial média sipatna teu formal atawa bahasa kahijina mangrupa basa Indonesia, dipiharep ku ayana ieu panalungtikan bisa leuwih merhatikeun kaédah-kaédah kabasaan sangkan teu nimbulkeun kasalahan atawa salah paham dina makéna basa.